# «ШЫЛПЫҚ» АТАМАСЫ ҚАЙДАН ШЫҚҚАН?

Барған жеримниң тарийхын, тарийхый тулғаларын, тарийхый орынларын бара сала сораў, сорастырыў – әзелий әдетим. 1984-жылы биринши мәрте Нөкиске келдим. Әдетте, Аралбойы үлкесине кимниңдур табаны тийсе де, ең дәслеп Шылпықтың тарийхы менен қызықсынады. Ҳәзир енди Шылпықты ҳәмме сорайды. Өйткени, бул тарийхый төбеликтиң көриниси мәмлекетлик гербимизде сәўлеленген. Оның үстине аспан астындағы тарийхый қалаларға, тәбият қушағына баслаўшы дәслепки саяхатлар сол жерден басланады. Сол себепли де, сораўдың басы – Шылпық болып тур. Мен де сораўды соннан баслаған едим.



«Шылпықтың тарийхы қандай?», «Шылпық қорғаны қашан қурылған?», «Шылпықтың аты неден шыққан?» деген саўалды дәслеп сол жердиң турғыны, бизге жегжат болып келетуғын жергиликли ақсақал Асан хожадан сорадым. Ол киси ойланып турып: «Мен ғой тарийхшы емеспен дағы, бирақ еситкенимди айтайын», – деди. «Шылпық – бурын жаў жақынласқанда, кәрўан киятырғанда бир жерден екинши бир жерге белги беретуғын қараўылтөбе екен. Оны бизиң ортада «диң» дейди. Ол диңди биз көрмедик, усы күнги қорғанды ғана билемиз. Кейин ала сыртқы душпанлардан қорғаныў ушын ҳәзирги қорған салынып, хайт-байрамларда сол қорған ишинде ҳәм әтирапында ҳәр қыйлы салт түрлери өткериледи екен.

Айтыўларға қарағанда, Шылпық пенен Мәздеккент (*Хожели*) арасын байланыстырып турған жерасты жолы да болған көринеди. Жерасты жолы менен жүрген салт атлы киси бир жерден екинши жерге қыйыншылықсыз жетип бара алатуғын болыпты. Ҳәзир Шылпықтың төбеси ортасына опырылып түскен, дийўалларының да биразы қулаған. Бурын Шылпыққа көтерилетуғын қырық текшели аяқжол болған. Оның да силеми ғана қалған. Шылпықтың етегинде қала болған деседи. Ол да суў астында қалып кетипти. Олардан намыў-нышан жоқ.

Шылпықтың аты әўелде басқа болған. Биреўлер оны «Дәўтөбе», «Дәўдиң төбеси» деген аты болғанын айтады. Енди биреўлер «Маңғытөбе» яки «Маңғыттөбе» дейди. Қайсы бир заманларда бул жерлерди дәўлер мәкан етипти. Дәўлердиң бириниң аты – Каратийин екен. Оны «Қаратийин Әлип дәў» деп те айтады. Бул жерлерди «Едигениң журты», «Отыз бир ордалы маңғыттың мәканы» деген сөз де бар. Бестөбеде Ноғайлының атақлы батыры Ер Қосай жатыр. Ер Қосай да сол отыз бир ордалы маңғыттан шыққан дейди. Хийўаның алдыңғы ханлары жергиликли маңғытларды нықпырт етип, қырғынға ушыратқаннан кейин олардың биразы өзге журтларға қоныс аўдарыпты.

Әмиўдәрья усы төбени айланып аққан. Етектеги суў жағаға урылғанда ҳәр ўақ – ҳәр ўақ «шылп-шылп» еткен сес шығып турады. Шылпықтың аты да усы «шылп-шылп» деген сөзден келип шыққанын айтады, әйтеўир. Нәти, усы ортадағы халық солай деп топшылайды. Оннан басқасын билмедим...». – деп жуўап берди [Автордың жеке жазбалары. – Нөкис, 1984. 2-5 б.]. Жүйели жуўапқа биз де қанаатландық.

Әлбетте, илимде «халықлық этимология» деген термин бар. Халық ҳәр қандай жерге, орынға байланыслы өз аңызларын, әпсаналарын ойлап шығарады. Бир қарағанда, сол дурыстай туйылады. Лекин, тарийх – ҳақыйқатлықты сүйеди. Қарақалпақ тарийхына байланыслы илимий дәреклерди көзден өткере баслағанымыздан кейин «Шылпық» атамасының келип шығыўы бойынша бизде басқаша пикир пайда болды.

Орысият Хийўа ханлығын, қарақалпақ жерлерин өз қарамағына қосып алғаннан кейин 1874-жылы Аралбойына арнаўлы экспедиция келеди. Экспедиция қурамында болған орыс этнографы Л.Н.Соболев қарақалпақ халқының соңғы ағабийи Ережеп баба менен ушырасады ҳәм ол жергиликли тарийхый орынлардың атамаларын, қарақалпақ халқының тарийхын сорап саўал береди. Ережеп бий қарақалпақлардың тарийхы бойынша ески қолжазба бар екенлигин, оның жазбагери Мәўлана Жәмий екенин, Шымбайдың орнында бурын Шахтемир деген қала болғанлығын, кейин ала олардың Шығылбуға (*Чигилбуга*) дөгерегине көширилгенлигин айтып береди [Иванов П.П. МИКК. – Москва, 1960. 82 б.].

Кенимықлы қатықулақ ақсақал Ешполат Қәдир улы (*маңғыт~темирхожа~өзтемир*) бизге буннан бир неше жүз жылдай бурын «Маңғыт қырғыны» деп аталған бүлгиншиликтен кейин өз ата-бабаларының Үргениш журтының Маңғыт

диярындағы Маңғытөбе (*Маңғыттөбе*) деген мәканнан Маман бийдиң басшылығында көшип келгенлигин, ол дөгеректи «Шығылбуға» деп те атайтуғынлығын, көшке ере алмаған бираз көшкиншилердиң жолбойы Бухараның тусындағы Жандар деген жерде қалғанлығын айтқан еди. Ең қызығы, сол көшиўилде келгенлердиң урпақлары ҳәзирлери де ўақтын-ўақтын Шылпықты зияратлап турады екен [Автордың жеке жазбалары. – Кенимық, 1992. 2-8 б.].

Усы мағлыўматлар жазып алынған жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети филология факультетиниң түркмен тили ҳәм әдебияты кафедрасының меңгериўшиси, ф.и.к., доцент Аннамет Шыхыев тарийхый Шылпық естелигиниң дәслепки атамасы «Шығылбағ», «Шийелбағ» болғанлығы ҳаққындағы қызықлы әпсананы айтып берди [Автордың жеке жазбалары. Нөкис, 1992. 11-12 б.]. Бул мысаллар, бизиң «Шылпық» атамасының этимологиясы бойынша анық бир тоқтамға келиўимизге мүмкиншилик берди. Бизиң пикиримизше, жер атамасы былайынша қәлиплескен: Шығылбуға > Шығылбағ > Шылбақ > Шылпақ > Шылпық.

Буған дәлил, қарақалпақтың маңғыт арысы қурамындағы ешбуға урыўы айырым орынларда: ешбақа > ешпақ; қоңырат арысының баймақлы тайпасына киретуғын сасбуға тийреси: сасбақа > саспақ; қытайдың қайшылы тайпасынан тарайтуғын етбуға әўладлары: етбақа > етпақ болып аталыўы. Бундай мысаллар жоқарғы ҳәм ортанғы қарақалпақлар қурамындағы урыў-тийрелердиң атамаларынан да байқалады: қарабуға > қарабақа > қарабақ; тоқбуға > тоқбақа > тоқпақ. Солай екен, маңғытлар қурамындағы «шығылбуға» урыўы да усылай жаңа атаманы пайда еткенлиги өз-өзинен түсиникли. Тарийхый төбеликке де усы урыў ўәкиллери (*шығылбуғалар*) өз атамасын бергенлиги шубҳа туўдырмайды.

**Сейдин ӘМИРЛАН,**
*«Қарақалпақ тили» интерклубы жетекшиси,*
*Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы*

# «Мен жақсы күйеў болғанымда...»

Бизлер жақсы көриўди билмеймиз, жақсы көриўге үйренбегенбиз. Бизлер ушын муҳаббат – исбилерменлик түс алған. «Ол мени жақсы көрсе – менде оны жақсы көремен». Дәслеп ол жақсы болыўы керек. Машқала ҳәтте жақсы адамды таңлаўда да емес, ал – жақсы көрип билиўде.

Жақсы көре билиў адамның басқалар менен мүнәсибетиндеги еки ҳалы менен анықланады, яғный – болыў ҳәм ийелик етиў. Өзиңизден деп сорасаңыз болады: жақсы ҳаялға ийелик етким келе ме яки жақсы күйеў болғым келе ме? Жақсы перзентлерге ийе болыўды қәлеймен бе яки жақсы әке болыўды қәлеймен бе? Жақсы үйли болғым келеди ямаса жақсы хожайын болғым келеди.

Егер де ҳаялым жаман болса (*жаман ҳаялға ийемен*), демек, оны алмастырыўым керек. Ал егер де жақсы күйеў болыўды қәлесем ше? Егер де мен жақсы күйеў бола алсам – мен қәлеген ҳаял менен оңыса аламан! ИЙЕ болыў қәлеўи пайда болғанда (*ажырасып*) алмастырыў тилеги пайда болады, ал өзим жақсы күйеў БОЛЫЎ қәлеўи пайда болса – өзимди өзгертиў тилеги пайда болады.

Адам өзин үйрениўи лазым – мен қандай болыўды қәлеймен? Ең жақсысына ИЙЕлик етиўди қәлеў ямаса басқалар ушын өзим жақсы БОЛЫЎ? Егер де усы мәселени дурыс шешсек, бизлерде пайда болған ышқпазлық ҳақыйқый муҳаббатқа айланады.

Мынадай әжайып даналық бар: «Жақсы досқа ийелик етиўди ҳәмме қәлейди, бирақ жақсы дос болыў ҳәмминиң қолынан келмейди». Ҳәзир бизлер көбирек «ийелик етиў»ди қәлеймиз. «Жақсы ана болыўды қәлеймен»ниң орнына «Балалы болғанымда» деймиз ямаса «Жақсы ҳаял болыўды қәлеймен» деп тилеўдиң орнына «Күйеўим болғанда» деймиз. Бир қарағанда екеўи де теңдей, бирақ – нәтийжеси ҳәр қыйлы болады. Бул сөзгәплердиң артында адамның дүньяға мүнәсибети турыпты: яки – мен басқалар ушын, яки – басқалар мен ушын...

Ийелик етиўди қәлеў арқалы биз өмиримизди бузамыз, биреўлердиң жүреклерин шыл-пәрше етемиз – ақыбетинде өзимиз жалғызлықтан азапланамыз. «Басқалар, нәрселер мен ушын» деп жасайтуғын адамға бәрқулла жетпейди, ол тоймайды, оған бир жери кемистей түйиле береди. Пул аз, еки қатын болғанда, және рәҳәтленгенимде, және көтерилгенимде, үлкенирек болғанда...

Өзиңизге сораў бериң – мен қандай болыўды қәлеймен?

**Қ.ТАҢАТАРОВ** *таярлады*



*Бағ-дәўлетли, таныклы, белгили, атақлы ҳәм салдамлы болғаннан сүйгиликли болған абзал. Өйткени, сүйгиликли болыў – бахытлы болыў демек.*